



DIVISION OF STUDENT AFFAIRS

Nouvèl Divizyon Zafè Etidyan an (Division of Students Affairs, DSA) Pou Ou

Pri Acorn (Acorn Awards), Mizajou sou Depatman Lavi Fratènite ak Soworite a (Department of Fraternity and Sorority Life, DSFL) ak Onè Defi Demokrasi ALL IN (TOUT MOUN LADANN) nan

Lendi 25 mas 2024

Chè Kòlèg DSA,

Nan dènye Reyinyon Piblik DSA nou an, nou te devwale nouvo plan estratejik nou an, [Annava Ansanm \(Forward Together\)](#), epi nan kè plan an—nan nwayo a menm—gen moun ki bay tèt yo misyon pou garanti chak etidyan nan Inivèsite Maryland (University of Maryland) gen opòtinite pou yo epanouyi. Se poutèt sa a sa rechofe kè m pou m wè Jou Don an, **nou te ranmase \$382,067 pou soutni pwogram ak inisyativ nou yo nan Divizyon Zafè Etidyan yo**. Epi, pou yon sizyèm ane youn dèye lòt Zafè Etidyan yo te genyen defi Pi Gwo kantite Donatè ki sòti pami Pwofesè / Estaf Anplwaye yo.

Nou konnen nan ki pwèn travay nou an enpòtan ak pou kiyès n ap fè li, se poutèt sa emosyon anvayi nou lè n wè n ap soutni travay nou an - pwòp kòlèg pa nou tout nan Divizyon an - ansanm ak 2,053 lòt moun ki te fè don bay Zafè Etidyan yo ane sa a. Mèsi, mèsi, mèsi, paske nou se kòlèg ekstrawòdinè ak chanpyon pou eksperyans Zafè Etidyan yo isit la nan Maryland.

Evènman pou sonje pandan Avril la:

- Nou renmen etidyan diplome nou yo! Semèn apresiyasyon Etidyan Diplome yo se 1 jiska 5 avril, epi Lavi Etidyan Diplome (Graduate Student Life) yo envite Terps ki Diplome yo pou [yo rasanble, selebre, epi fè konesans youn ak lòt nan aktivite ki anmizan](#).
- Biwo Patisipasyon Miltikiltirèl ak Defans Kominotè (Multicultural Involvement and Community Advocacy, MICA) a nan The Stamp gen pou l [òganize premye selebrasyon nan tout kanpis UMD a](#) nan okazyon Mwa Patrimwàn Azi Sidwès ak Afrik Dinò a (Southwest Asian and North African, SWANA).
- Kòlèg nou yo nan MICA gen pou yo [òganize evènman](#) tou pou selebre Mwa Patrimwàn Azyatik, Zile Pasifik ak Desi Ameriken (Asian, Pacific Islander, Desi American, APIDA) an ak Mwa Patrimwàn Miltirasyal la.
- Biwo Dwa Sivil ak Move Konduit Seksyèl la (Office of Civil Rights & Sexual Misconduct, OCRSM), Defansè Kanpis yo Reponn ak Edike pou Estope Vyolans (Campus Advocates Respond and Educate, CARE), ak Komite Prevansyon Agresyon Seksyèl la (Sexual Assault Prevention Committee, SAPC) gen pou ofri [anpil pwogram](#) ki enfòmè kominote nou an sou prevansyon agresyon seksyèl ak resous sou kanpis la nan kad Mwa Konsyantizasyon sou Agresyon Seksyèl la (Sexual Assault Awareness Month, SAAM).

Pri Acorn (Acorn Awards)

Jantiyès ak atansyon se nannan divizyon nou an. Se yon lonè pou rann moun ki demontre gwo angajman anvè kominote nou an omaj. Pandan li prezante de (2) fwa pa ane, Pri Acorn nou an selebre fason manm nou yo te bay direksyon avèk lanmou. Nou te aplodi loreya Pri Acorn nou yo pandan Reyinyon Piblik DSA nou an ki te fèt Jedi 7 Mas la, epi nou aplodi yo isit la tou.

Dana Calandrino, Lavi Rezidan

Dana Calandrino, yon Jesyonè Dosye Rezidansyèl nan Lavi Rezidan (Resident Life), te toujou founi soutyen ki chaje anpati bay etidyan ki ap viv sou kanpis la ki ap fè fas ak difikilte. Yo te nominen li pou yon moman an patikilye, pou repons rapid ak atansyon li ki te ede yon etidyan ki te an kriz, epi li te enkane angajman Divizyon nou an anvè kominote a, entegrite, ak byennèt. Apre li te fin resevwa mesaj tèks preyokipan nan men yon etidyan, san pèdi tan Dana te rele etidyan an epi li te dekouvri gravite sityasyon an. Pandan li te rete nan telefòn nan, li te avèti lapolis, sa ki te lakòz yon entèvansyon rapid ki avèk anpil chans te sove lavi etidyan an. Devouman Dana a pou byennèt etidyan yo evidan chak jou, epi aksyon li yo nan egzans sa a demontre angajman eksepsyonèl li pou byennèt yo.

Michael Martucci, Sant Karyè Inivèsite a

Michael Martucci asire li faki yo peye, acha yo fèt, epi li trete anpil detay ak anpil atansyon nan non Sant Karyè Inivèsite a, men, kontribisyon li bay kòlèg li yo ale pi lwen pase sa. Sòti nan founi mizik rock k ap bay enèji nan koulwa yo pou rive nan ofri chokola cho ki rekonfòtan, sitasyon ankourajan, ak soutyen inebnanlab, Michael kontribye nan kreyasyon yon anviwònman ki pozitif nan Hornbake. Dènyèman li te ede Biwo Vis Prezidan an pou Zafè Etidyan yo tou, nan absans Direktè Finans lan, li te aksepte responsablite siplemantè yo pandan l ap mentni angajman li nan Sant Karyè Inivèsite a. Nan yon fason ki regilye, Michael ede lòt yo atenn objektif yo, toujou ak yon konpòtman kè kontan epi ki akonpaye pafwa ak yon ti Rock & Roll.

Dai-An Tran, Biwo Vis Prezidan pou Zafè Etidyan yo

Dai-An reprezante yon etik nan zafè swen, ki demontre lanmou, devouman, ak yon soutyen inebnanlab nan kominote inivèsite nou an. Estil lidèchip li a chita sou valè ki se konpasyon ak konsansis. Li konekte ak chak manm nan ekip enfòmatic divizyonè nou an nan yon fason ki pwo-aktif, sa ki favorize yon konpreyansyon ak apresyasyon otantik pou travay yo a. Apwòch li ki santre sou moun nan etann li nan tout entèraksyon li ak DSA epi kòlèg li yo nan inivèsite a, kote li ofri konsèy san jijman. Lidèchip konpatisan Dai-An nan kreye yon anviwònman ki favorab kote moun yo gen opòtinite pou yo epanouyi.

Chris Moore, Sèvis Restorasyon

Pandan angajman prensipal Chris pou jwèt foutbòl ak baskèt bòl yo se lajan ak sistèm enfòmatic yo, Chris te vin tounen yon ekspè nan preparasyon gwo kantite pòpkòn, nan vide yon byè presyon avèk

presizyon epi nan preparasyon òtdòg pafè a. Li gen yon pasyon veritab pou ofri envite nou yo yon eksperyans eksepsyonèl ak yon angajman veritab pou ede chak etidyan ak chak manm ekip Sèvis Restorasyon an epanouyi. Yo pa janm bezwen mande l anyen, li jis la pou asire li ekip la reyisi nan tout bagay epi li toujou depase atant yo nan tout sa li fè pou Inivèsite a. Sa ki pi enpòtan toujou, pandan l ap fè tout bagay sa yo li pa janm pèdi sans imou dirèk li a ki ede tout moun simonte tout sitiyasyon.

Kiera Martone, Lavi Rezidan (Resident Life)

Keira se yon mèt nan ekilibre youn nan zak jonglaj ki pi difisil nan pwofesyon an. Li se yon sipèvizè ki degaje lakay li swen, soutyen, ak devlopman; li se yon moun ki bay tout li menm pou l defann enterè etidyan yo epi li gen ekspètiz kiltirèl ak politik pou deklanche yon chanjman ki siyifikatif ak dirab; li se yon ekspè yo rekonèt sou plan nasyonal nan domèn konduit etidyan ak lojman; epi li se yon etidyan lavi, li toujou anvi aprann plis bagay pou amelyore kominote li a. Li dirije ak enspire Ekip Kominotè yo lè li fòme men l nan pat la, lè li enplike l aktivman nan travay ki estimilan yo, epi lè li dirije avèk ekite nan sa ki gen pou wè ak kontribisyon chak grenn moun ap pote. San okenn dout pledwaye ak atansyon Keira a fè kanpis nou an yon kote ki pi akeyan pou etidyan nou yo.

Mizajou Resan Kanpis la sou Lavi Fratènite ak Soworite

Mwen [te ofri yon mizajou](#) konsènan poz la sou aktivite edikasyon ak inisyasyon nouvo manm Konsèy Entèfratènite a (Interfraternity Council, IFC) ak Asosiyasyon Pannelenik la (Panhellenic Association, PHA), ak evènman kote alkòl prezan an, vandredi 15 mas. Mizajou sa a te gen ladann detay sou angajman kontinyèl nou an anvi Lavi Fratènite ak Soworite a, pami yo pwochen etap yo pou kreye ak prezève yon anviwònman ki sen pou tout moun. Pou tout fratènite ak soworite yo, nou rete pridan, vijilan epi trè angaje nan sa ki gen pou wè ak sekirite epi byennèt nou.

UMD Resevwa So Plan Aksyon ALL IN ki Etabli Solidman an

[So Plan Aksyon ALL IN ki Etabli Solidman](#) an se pi gwo rekonesans pou efò vòt etidyan yo sou kanpis inivèsite yo. UMD se youn nan 93 kanpis ki te genyen rekonesans sa a jiskaprezan pou sik eleksyon 2024 la. Yon gwo mès ak kòlèg nou an Naomi Cohen, nan The Stamp, ak [TerpsVote](#) pou elaborasyon yon plan aksyon nan zafè angajman demokratik ki "pa patizan" ki merite rekonesans sa a. Angajman sivik la enpòtan anpil pou avni demokrasi nou an, epi se kòlèg tankou Naomi yo ak etidyan yo ki patisipe nan TerpsVote ki ap trase wout la. **ALE ZAGS!!!!!!!**

Tèlman gen anpil bon bagay k ap pase nan DSA a avèk kèk nan moun mwen rekonèt ki plen lanmou lakay yo, ki atansyon, epi ki bon moun. Lavi a bèl!

Mwen swete nou sa k pi bon yo, chè kòlèg,

Patricia A. Perillo, Ph.D.

Vis Prezidan pou Zafè Etidyan yo, University of Maryland

li (pwonon feminen)

Commented [A1]: :)

Commented [A2]: I JUST HOWLED!

Commented [A3]: I will consider this my birthday present if it stays :)

Sonje Dat yo

- [Konvèsasyon Konsèy la: SALT Added](#) - Yon Sèvo Ki Sen, Chetan Joshi, Direktè Sant Konsèy la -- Madi 9 avril a 2è p.m.
- [Jounen Maryland \(Maryland Day\)](#) - Samdi 27 Avril

